

# BAB I

## BUBUKA

### 1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Basa téh minangka alat komunikasi masarakat sacara lisan atawa tulisan. Basa indung anu digunakeun ku masarakat wewengkon Priangan nya éta basa Sunda. Kiwari, dipakéna dina kahirupan sapopoé masarakat téh beuki saeutik. Nilik kana éta pasualan, diperlukeun tarékah pikeun ngamumule basa indung atawa basa Sunda di sakola aya pangajaran basa pikeun nambahan élmu pangaweruh.

Dina pangajaran basa sunda ngawengku opat kaparigelan basa, nya éta: (1) ngaregepkeun, (2) nyarita, (3) maca, jeung (4) nulis. Dina kagiatan pangajaran basa ngawengku opat kaparigelan diantarana aya kaparigelan nulis. Pentingna nulis téh sangkan bisa ngébréhkeun gagasan dina wangun tinulis pikeun nepikeun tujuan, misalna méré informasi, jeung salasihiji tarékah pikeun dina ngagunakeun basa Sunda sangkan leuwih hadé ngagunakeun basana. Nulis salasihiji kagiatan anu merlukeun tingkat konsentrasi jeung daya nalar nu hade Hernawan spk. (2017, kc.174). Rosidi (2009, kc. 2) nétélakeun yén nulis téh nya éta kagiatan pikeun ngébréhkeun pikiran, gagasan, jeung rasa hiji jalma dina wangun tulisan anu dipiharep bisa dipikaharti ku pamaca jeung miboga fungsi salaku alat komunikasi sacara teu langsung. Sedengkeun nurutkeun Puspitasari spk. (2014, kc.2) nulis téh nya eta kaparigelan basa anu digunakeun pikeun ngebrehkeun gagasan atawa ide dumasar kana konteks anu geus ditangtukeun. Kaparigelan nulis téh kagolong salasihiji bahan ajar pangajaran-pangajaran basa di sakola sangkan siswa bias parigel dina ngokolakeun kekecapan sarta struktur basana. Opat kaparigelan basa éta teu bisa dipisahkeun lantaran hiji jeung nu liana patali sarta silih deudeulan.

Salasihiji pangajaran basa di kelas XI SMP téh nya éta biantara. Nurutkeun Tarigan (dina Haerudin jeung Suherman 2013, kc. 117) biantara atawa pidato nya éta aksi panyatur pikeun nepikeun hiji hal sacara ngahaja jeung miboga sipat formal.

Dina kurikulum Tingkat Daérah Muatan Lokal ditétélakeun ngeunaan Mata Pelajaran Bahasa dan Sastra Sunda Berbasis Kurikulum 2013 Revisi 2017 tingkat

SMP/MTs. Pangajaran nulis téks biantara aya dina Kompetensi Dasar kelas IX, nya éta:

*4.1 menyajikan téks biantara dengan memperhatikan fungsi sosial, struktur téks, dan aspek kebahasaan yang benar sesuai konteks*

Dumasar kana KD di luhur, idealna anu kudu dihontal ku siswa téh nya éta struktur téks jeung unsur kabahasaan. Struktur téks ngawengku: (1) bubuka, (2) eusi, jeung (3) panutup. Sedengkeun unsur kabahasaan ngawengku: (1) undak usuk basa, (2) éjaan, jeung (3) tanda baca.

Hal sejéna anu kudu diperhatikeun ngeunaan kamampuh siswa dina nulis téks biantara nya éta loba kénéh siswa anu ngarasa hésé jeung can tuntas dina nulis téks biantara, anu saluyu jeung strukturna nya éta anu kudu dihontal ku siswa aya struktur téks dina bubuka, eusi jeung panutup. Salian ti éta, aya ogé anu kudu dihontal ku siswa dina nulis téks biantara aya unsur kabahasaan nya éta undak usuk basa, éjaan jeung tanda baca. Dina pangajaran nulis anu dianggap hésé ku siswa téh nya éta salasihijina nulis téks biantara. Sedengkeun héngkérna kamampuh siswa dina nulis téks biantara téh nya éta lantaran modél pangajaran anu kurang luyu dina pangajaran nulis. Guru umumna méré pangajaran ka siswa dumasar kana buku panduan, teu nepi ka ngagunakeun modél pangajaran nu bisa ngarojong élmu pangaweruh. Hal anu ngabalukarkeun, siswa can mampu nulis téks biantara kalayan bener tur merenah nya éta siswa masih baluweng kénéh dina ngabedakeun bubuka jeung eusi. Padahal nilik kana komponén anu dipeunteuna, nya éta: struktur téks biantara jeung unsur kabahasaan. Éta hal bisa kapaluruh tina peunteun siswa nu aya dina posisi handapeun Kritis Ketuntasan Minimal (KKM). Pasualan sarupa kitu bisa dipaluruh ogé tina hasil nulis téks biantara siswa.

Pikeun ngungkulan pasualan di luhur, perlu ayana tarékah anu kudu dilakukeun ku guru salasihijina ngaliwatan modél pangajaran. Guru salaku fasilitator kudu bisa nyiptakeun prosés pangajaran sangkan bisa leuwih ngirut siswa. Mampuh nyiptakeun modél pangajaran anu éfektif jeung ngirut, sangkan dina proses pangajaran siswa bisa aktif jeung interaktif. Salian ti éta, sangkan siswa bisa maham kana pangajaran, utamana dina nulis téks biantara. Salasihiji modél pangajaran anu bisa ngirut, aktif jeung interaktif dina nulis téks biantara nya éta modél pangajaran *Quantum Writing*. Ieu modél pangajaran miboga stratégi dina ngajar hususna

pikeun mantuan guru, dina nepikeun matéri nu bisa ngaronjatkeun kana hasil prosés pangajaran. Ku kituna, éta hal bisa jadi solusi sangkan kamampuh nulis téks biantara siswa bisa ngaronjat.

Modél *Quantum Writing* minangka salasihiji modél pangajaran anu interaktif jeung aktif. Nurutkeun Hernowo (2004, kc. 10) modél *Quantum Writing* mangrupa interaksi dina prosés diajar nulis anu bisa nyieun pondasi keur judul dumasar kana pangaweruh, ide, jeung pangalaman nu bisa ditepikeun ogé ka jalma séjénna. Prinsip dasar dina diterapkeunana modél pangajaran *Quantum Writing* téh nya éta: (1) *clustering (Pengelompokan)*, (2) *draft-Kasar*, (3) *berbagi (umpan balik)*, (4) *ngaropéa (memperbaiki)*, (5) *penyuntingan*, (6) *nuliskeun deui (penulisan kembali)*, jeung (7) *evaluasi*.

Ieu modél pangajaran nempatkeun siswa salaku puseur tina kagiatan pangajaran, siswa diajak ilubiung langsung pikeun ngébréhkeun hasil pamikiranana kana wangun tulisan. Hernowo (2004 kc. 111) yén Modél pangajaran *Quantum Writing* pikeun mekarkeun kamampuh siswa dina: (1) munculkeun sisi-sisi *unik* anu dipiboga ku individu sangkan bias wanoh ka dirina sorangan; (2) ngebrehkeun naon-naon anu aya dina dirina kana wangun tinulis; (4) pikeun ngabeungharan mentalna, nu nulis kudu ngaluarkeun sacara totalitas naon-naon anu aya dina dirina; (5) ngebrehkeun pikiran, rasa sacara konkrit ngaliwatan kecap, kalimah, paragraf. Ngaliwatan ieu modél siswa teu ngan saukur diajar ngeunaan konsép matéri, siswa dilibatkeun ogé pikeun peran aktif nimukeun pasualan dina pangajaran, tuluy siswa ngabéréskeun éta pasualan sacara kreatif jeung efektif.

Dumasar kana katerangan di luhur, yén modél pangajaran *Quantum Writing* miboga kaunggulan dina pangajaran nulis. salasihiji contona nya éta nulis téks biantara atawa pidato. Dina nangtukeun saluyu atawa henteuna ieu modél, perlu diayakaeun panalungtikan ngeunaan modél pangajaran *Quantum Writing* hususna dina nulis téks biantara.

Panalungtikan saméméhna nu ngarojong kana ieu panalungtikan nya éta (Tanti, 2016) “*Modél Quantum Writing Pikeun ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Guguritan (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas VII-5 SMP Negeri 43 Bandung Taun Ajaran 2015/2016)*.” sasaruanana nya éta medar ngeunaan modél pangajaran

*Quantum Writing*. Ari anu ngabédakeunana nya éta matéri ajar jeung sumber data nu rék di talungtik.

Panalungtikan ngeunaan modél *Quantum Writing* nu séjén dina wangun skripsi diantaranya: (1) “*Penggunaan Model Quantum Writing dengan Media Fiksi Mini Sebagai Proses Kreatif Penulisan Cerita Pendek (Penelitian Eksperimen Kuasi Pada Siswa Kelas XI SMA Negeri 24 Bandung Taun Ajaran 2015/2016)*.” (Hastuti, 2016) nu ngaguar ngeunaan modél *Quantum Writing* dina nulis carita pondok anu hasil ahirna ngaronjat sabada dilarapkeunana modél *Quantum Writing*, jeung (2) “*Pengaruh Model Quantum Writing Terhadap Kemampuan Menulis Teks Deskripsi Siswa Kelas VII SMP Srijaya Negara Palembang*”(Putri, 2019)

Dina ieu panalungtikan bakal nguji kaéféktifan modél pangajaran *Quantum Writing* dina nulis. Ari bahan nulisna nya éta nulis téks biantara, bisa di titénan yén pangaruh modél pangajaran *Quantum Writing* téh miboga pangaruh nu signifikan kana hasil diajar siswa. Ku kituna, perlu diayakeun panalungtikan ngeunaan modél pangajaran *Quantum Writing* kana rupa-rupa pangajaran nulis di sakola. Dumasar kana katerangan di luhur, ieu panalungtikan nu judulna “*Modél Pangajaran Quantum Writing pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Téks Biantara (Studi Kuasi Ékspérimén Kelas IX A SMP Kartika XIX-2 Bandung Taun Ajaran 2019/2020)*” perlu dilaksanakeun.

## **1.2 Idéntifikasi Masalah jeung Rumusan Masalah**

Masalah dina ieu panalungtikan diidentifikasi sangkan leuwih museur sarta perlu dirumuskeun sangkan leuwih jentré.

### **1.2.1 Idéntifikasi Masalah**

Dumasar kana kasang tukang anu diébréhkeun di luhur, aya sababaraha masalah anu perlu diidentifikasi nya éta ieu di handap.

- a. Kamampuh nulis téks biantara ngawengku struktur téks: (1) bubuka, (2) eusi, (panutup). Sarta unsur kabahasaan ngawengku: (1) undak usuk basa, (2) ejaan, (3) tanda baca.
- b. Modél pangajaran *Quantum Writing*, anu miboga modél pangajaran nulis langkah-langkahna; (1) *Clustering (Pengelompokan)*, (2) *Draft-Kasar*, (3)

*Berbagi (umpan balik), (4) Ngaropéa (memperbaiki), (5) Penyuntingan, (6) Nuliskeun deui (penulisan kembali), jeung (7) Evaluasi.*

### **1.2.2 Rumusan Masalah**

Dumasar kana idéntifikasi masalah di luhur, masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina kalimah pananya ieu di handap.

- a. Kumaha kamampuh nulis téks biantara siswa kelas IX A SMP Kartika XIX-2 Bandung saméméh ngagunakeun modél pangajaran *Quantum Writing*?
- b. Kumaha kamampuh nulis téks biantara siswa kelas IX A SMP Kartika XIX-2 Bandung sabada ngagunakeun modél pangajaran *Quantum Writing*?
- c. Naha aya ningkatna kamampuh nulis téks biantara siswa kelas IX A SMP Kartika XIX-2 Bandung sanggeus ngagunakeun modél pangajaran *Quantum writing*?
- d. Naha aya béda anu signifikan atawa henteu antara kamampuh saméméh jeung sabada ngagunakeun modél pangajaran *Quantum Writing* dina pangajaran biantara di siswa kelas IX A SMP Kartika XIX-2 Bandung?

### **1.3 Tujuan Panalungtikan**

Panalungtikan ieu miboga dua tujuan, nya éta tujuan umum jeung tujuan khusus, anapon tujuan husus jeung tujuan umum éta saperti ieu di handap.

#### **1.3.1 Tujuan Umum**

Tujuan sacara umum dina ieu panalungtikan téh nya éta pikeun nguji efektif henteu modél pangajaran *Quantum Writing* dina ngaronjatna nulis téks biantara di kelas IX A SMP Kartika XIX-2 Bandung sangkan mikanyaho ngeunaan modél jeung cara ngeunaan léngkah – léngkah nu di pedar dina ieu panalungtikan pikeun pangajaran biantara. Guru ogé bisa mikanyaho modél atawa métode naon waé anu bisa dipaké pikeun ngaronjatkeun kamampuh siswa dina pangajaran nulis téks biantara.

#### **1.3.2 Tujuan Husus**

Tujuan sacara husus dina ieu panalungtikan nya éta pikeun ngadéskripsikeun

- a. kamampuh nulis téks biantara siswa kelas IX A SMP Kartika XIX-2 Bandung saméméh maké modél pangajaran *Quantum Writing*;

Lina Yatin Ningsih, 2020

**MODÉL PANGAJARAN QUANTUM WRITING PIKEUN NGARONJATKEUN KAMAMPUH NULIS TÉKS BIANTARA (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas IX A SMP Kartika XIX-2 Bandung Taun Ajaran 2019/2020)**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- b. kamampuh nulis téks biantara siswa kelas IX A SMP Kartika XIX-2 Bandung sabada maké modél pangajaran *Quantum Writing*;
- c. Ningkatna kamampuh nulis téks biantara siswa kelas IX A SMP Kartika XIX-2 Bandung sanggeus ngagunakeun modél pangajaran *Quantum writing*;
- d. Béda anu signifikan antara kamampuh nulis téks biantara siswa kelas IX A SMP Kartika XIX-2 Bandung saméméh jeung sabada maké modél pangajaran *Quantum Writing*.

#### **1.4 Mangpaat Panalungtikan**

Mangpaat dina ieu panalungtikan diwincik jadi mangpaat tioritis jeung mangpaat praktis.

##### **1.4.1 Mangpaat Tioritis**

Sacara tioritis, ieu panalungtikan bisa dijadikeun référénsi pikeun mekarkeun élmu pangaweruh, salaku bahan atawa sumber acuan pikeun panalungtikan kahareupna, hususna ngeunaan modél pangajaran *Quantum Writing* dina pangajaran nulis téks biantara. Hasilna dipiharep bisa ngaronjatkeun kreatifitas guru dina nepikeun tujuan pangajaran sangkan nyieun siswa kairut. Salian ti éta dipiharep bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis téks biantara.

##### **1.4.2 Mangpaat Praktis**

Mangpaat praktis dina ieu panalungtikan nya éta ieu di handap.

- a. Pikeun siswa ngaronjatkeun kamampuh nulis téks biantara.
- b. Pikeun guru bisa jadi alternatif ngagunakeun modél pangajaran nulis hususna dina pangajaran nulis téks biantara; sarta
- c. Pikeun nu nalungtik dijadikeun motivasi sangkan mampuh nyiptakeun, ngararancang pola pangaweruh, pamahaman, ogé minat siswa kana diajar nulis téks biantara.

#### **1.5 Raraga Tulisan**

Dina ieu skripsi disusun jadi lima bab, anu diwincik saperti ieu di handap.

BAB I bubuka ngawengku kasang tukang masalah, identifikasi masalah, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, manfaat panalungtikan, jeung raraga tulisan.

BAB II ngawengku ulikan tiori, ngawengku ulikan panalungtikan saméméhna, raraga mikir, jeung hipotésis, anu ngawengku ngeunaan modél pangajaran *Quantum Writing*, nulis téks biantara jeung sagala hal anu aya patalina jeung matéri bahan pangajaran.

BAB III métode panalungtikan, ngawengku désain panalungtikan, sumber data, prosedur panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, instrumén panalungtikan, jeung téhnik analisis data.

BAB IV ngawengku hasil panalungtikan jeung pedaran hasil panalungtikan anu ngawengku kamampuh nulis téks biantara saméméh jeung sabada ngagunakeun modél pangajaran *Quantum Writing*, sarta béda signifikan kamampuh nulis téks biantara saméméh jeung sabada ngagunakeun modél pangajaran *Quantum Writing*.

BAB V ngawengku kacindekan, implikasi jeung rékoméndasi.